**दिन–शनिवार** **दिनांक–25.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू छिहत्तरिम गणमंत्र दिवसक पूर्व संध्या पर आइ राष्ट्र के संबोधित करतिह। एकर प्रसारण सांझ सात बजे सँ आकाशवाणीक पूरा राष्ट्रीय नेटवर्क पर कयल जायत। दूरदर्शन पर एकर प्रसारण पहिने हिन्दी मे आ बाद मे अंग्रेजी भाषा मे होयत। एकर बाद क्षेत्रीय भाषा सभ मे सेहो एकर प्रसारण कयल जायत। आकाशवाणीक क्षेत्रीय नेटवर्क पर राति साढ़े नओ बजे सँ क्षेत्रीय भाषा सभ मे राष्ट्रपति के संबोधन के प्रसारण कलय जायत।

---

गणतंत्र दिवसक पूर्व संध्या पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू के संबोधन के कारण आकाशवाणी पटना सँ सांझ सात बाजि कऽ तीस मिनट पर प्रसारित होयबला संध्या कालीन प्रादेशिक समाचार बुलेटिनक समय मे परिवर्तन कयल गेल अछि। ई बुलेटिन अपन निर्धारित समय सँ एक घंटा पहिने छओ बाजि कऽ तीस मिनट पर अर्थात एहि मैथिली बुलेटिन संवादक शीघ्रहि पश्चात कयल जायत।

---

राष्ट्र काल्हि अपन छिहत्तरम गणतंत्र दिवस मनाओत। एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू नव दिल्लक कर्तव्य पथ स्थित विजय चौक पर झंडोतोलन करतीह। समारोह मे इंडोनेशिया के राष्ट्रपति प्रबोवो सुबियांतो मुख्य अतिथि होयताह। समारोह मे देश भरि सँ लगभग दस हजार विशेष अतिथि सभ के आमंत्रित कयल गेल अछि। एहि मे एक सय अड़तीस विशेष अतिथि बिहार सँ छथि। कर्तव्य पथ पर आयोजित समारोह मे आठ वर्ष बाद बिहारक झांकी प्रदर्शित कयल जायत। राज्यक झांकी मे ज्ञान आ शांतिक परंपरा के प्रदर्शित कयल गेल अछि। पुर्नस्थिापित नालंदा विश्वविद्यालयक माध्यम सँ बिहार मे प्राचीन विरासतक संरक्षणक लेल करल जा रहल प्रयास आ राजगीर स्थित घोड़ा–कटोरा जलाशय मे स्थापित भागवान बुद्ध की प्रतिमा के झांकी मे जगह देल गेल अछि।

———————————————————————

गणतंत्र दिवसक अवसर पर पटना के गांधी मैदान मे आयोजित होबयबला मुख्य राजकीय समारोह मे आरिफ मोहम्मद खां झंडोत्तोलन करताह। एहि दरमियान परेड मे सीआरपीएफ, एसएसबी, आईटीबीपी, एसटीएफ, महिला बटालियन, बिहार पुलिस, एनसीसी आ भारत स्टाउट एंड गाइड सहित बीस टुकडी सम्मिलित होयताह। ओतहि, पंद्रह विभाग आ संस्थानक झांकी सभ के प्रदर्शन कयल जायत। राजधानी पटना सहित प्रदेशक विभिन्न भाग मे गणतंत्र दिवस के लऽकऽ सुरक्षा—व्यवस्था बढ़ा देल गेल अछि।

———————————————————————

प्रयागराजक महाकुंभ मे आयुष मंत्रालय श्रद्धालु सभ के निःशुल्क स्वास्थ्य सेवा प्रदान कऽ रहल अछि। एम्हर संवाददाता जनौलनि जे एखन धरि एक लाख एकैस हजार सँ बेसी श्रद्धालु लोकनिक आयुष सेवा कऽ लाभ उठौलक अछि।

———————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहलनि अछि जे ई गौरवक विषय अछि जे भारत विश्वक सभ सँ पैघ विविध, युवा, समावेशी आ संवेदनशील लोकतंत्र अछि। नव दिल्ली मे आइ पंद्रहम राष्ट्रीय मतदाता दिवसक अवसर पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करैत राष्ट्रपति कहलनि जे भारत लोकतंत्रक जननी अछि आ देश मे प्राचीन समय सँ लोकतांत्रिक प्रक्रिया विद्यमान अछि। ओ कहलनि जे आधुनिक विश्वक लेल भातक लोकतंत्र एक अनुठा उदाहरण अछि। राष्ट्र मतदाता दिवसक एहि वर्षक विषय अछि—'' वोट जैसा कुछ नहीं वोट जरूर डालेंगे हम''। कार्यक्रम के केन्द्रीय विधि आ न्याय मंत्री अर्जुनराम मेघवाल, मुख्य निर्वाचन आयुक्त राजीव कुमार सेहो संबोधित कयलनि। राष्ट्रपति मुर्मू सुचारू चुनाव सुनिश्चित करबा मे अनुकरणीय प्रयासक लेल राज्य आ जिलाक सभ के सर्व श्रेष्ठ चुनावी कार्य पद्धती पुस्कार प्रदान कयलनि। पूर्वी चंपारण जिलाक जिलाधिकारी सह जिला निर्वाचन पदाधिकारी सौरभ जोरवाल के उत्तम प्रबंधनक संग लोकसभा चुनाव दू हजार चौबीस के सफलता पूर्वक संपन्न करायब आ आईटी पहलक लेल एहि वर्ष विशेष पुरस्कार से सम्मनित कयलक अछि।

———————————————————————

एम्हर मतदाता दिवसक अवसर पर पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे वर्ष दू हजार चौबीसक राज्य स्तरीय सर्वोत्तम चुनावी प्रबंधन पुरस्कार प्रदान कयल गेल। मुख्य सचिव अमृत लाल मीणा वैशालीक जिलाधिकारी यशपाल मीणा आ बांकाक जिलाधीकारण अंशुल कुमार के बेहरत ढंग सँ चुनाव प्रक्रिया के पूरा करबाक लेल सम्मानित कयलनि। रोहतासक

तत्कालीन जिलाधिकारी नवीन कुमार के सेहो सम्मानित कयल गेल। एकर संगहि मुख्य सचिव कतेको मतदाता निबंधन अधिकारी, सहायक मतदाता निबंधन अधिकारी आ बुथ लेवल अधिकारी के सेहो सम्मनित कलयनि।

———————————————————————

समाप्त